



Pou Piblikasyon Imedya: 12/10/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 18.1 MILYON DOLA POU DEVLÒPMAN SOLISIYON INOVAN KI BAZE SOU LANATI POU DIMINYE EMISYON YO AK SEKESTRE KABÒN

Finansman pral sipòte inovasyon pou ede ogmante solisyon dirab

Sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a pou diminye emisyon gaz efè sè yo jiska 85 pousan disi 2050

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke 18.1 milyon dola disponib kounye a atravè Defi Inovasyon Solisyon Kabòn Natirèl (Natural Carbon Solutions Innovation Challenge) la pou devlopman solisyon inovan ki baze sou lanati ki diminye emisyon ak sekestre kabòn atravè nouvo pwodwi ak sèvis. Finansman an pral sipòte inovasyon, ede bati kapasite, enfòme politik, ak rafine pi bon pratik pou pèmèt ogmantasyon solisyon dirab yo. Anons jodi a sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) a pou diminye emisyon gaz a efè sè yo jiska 85 pousan disi 2050.

"New York ap dirije batay kont chanjman klimatik la nan ankouraje inovasyon ak revolisyone fason nou redwi emisyon kabòn yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "18.1 milyon dola ki disponib jodi a pral ede atire konpayi teknoloji, konesans ak pwodwi dènye kri pou diminye emisyon kabòn epi kreye yon avni ki pi rezistan, pi pwòp pou Nouyòkè yo."

Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA), ki pral administre finansman an atravè Defi Solisyon Kabòn Natirèl li an, pral chèche pwopozisyon nan men konpayi prive yo, enstitisyon rechèch yo, ak lòt òganizasyon pou solisyon inovan ki fabrike pwodwi ki fèb an matyè emisyon oswa ki sekestre kabòn nan materyèl dirab yo. Solisyon ke yo enterese ak yo gen ladan metòd pou ogmante sekestrasyon kabòn, diminye emisyon metàn, epi sipòte bezwen estòk bilding New York la, sitou pou modènizasyon anvlòp bilding yo ak nouvo konstriksyon ki enpòtan pou atenn objektif konsèvasyon enèji New York yo. Anplis de sa, demann sa a ap chèche apwòch ki kapab benefisye kominote ki pa jwenn ase sèvis yo ak zòn jistis anviwonmantal yo lè yo sèvi avèk nouvo apwòch pou optimize itilizasyon tè a pou ogmante sekestrasyon kabòn, rezistans ak deplwaman enèji renouvlab, diminye polisyon nan lè ak dlo, fè ekonomi

sous depans pou sèvis enèji yo, epi ankouraje. kreyasyon travay nan endistri klima entelijan yo.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Devlopman ak Rechèch sou Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare, "Eta New York se yon pyonye inovasyon epi pandan n ap chèche reyalize objektif anbisyè enèji pwòp nou yo, nou dwe trase wout la nan jere resous natirèl nou yo pou benefisye klima a. Lè nou pote ogmantasyon solisyon inovan, nou dinamize chèn apwovizyonman an, epi sa ap gen yon enpak dirèk sou kominote lokal yo nan estimile ekonomi yo epi kreye travay k ap soutni fanmi yo nan alavni."

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta New York la ak Ko-prezidan Konsèy Aksyon sou Klima a, Basil Seggos, te deklare, "Envestisman enpòtan sa a pou asire solisyon pou diminye emisyon yo epi sezi kabòn nan devlopman pwodwi ak sèvis nan New York pral ede nou atenn sib nou pou diminye emisyon gaz efè tèmik a 85 pousan nan ane 2050 jan yo egzije sa nan Lwa Klima ki pi alatèt nan peyi a. Finansman Gouvènè Hochul te anonse a pral bay konpayi yo zouti yo bezwen pou bay teknoloji avanse ki dekarbonize ekonomi nou an epi ki asire yon avni ki pi pwòp, ki pi vèt nan kad efò nou yo pou pwoteje anviwònman an ak atake chanjman klimatik la."

Komisè Agrikilti Eta New York (New York State Agriculture) la, Richard A. Ball, te deklare, "Eta New York te toujou yon lidè nan inovasyon, ki se egzakteman apwòch ke nou bezwen pou abòde chanjman klimatik nan yon sans ki laj. Mwen fyè de wòl agrikilti ap jwe pou adrese chanjman klimatik la, ansanm ak travay tout patnè nou yo nan Konsèy Aksyon kont Klima a. Defi Inovasyon Solisyon Kabòn Natirèl la se deja yon lòt zouti ankò ke nou antanke Eta pral genyen kounye a pou diminye emisyon ak sekestre kabòn, sa k ap ede nou atenn objektif nou pou yon avni ki pi dirab."

NYSERDA pral aksepte [aplikasyon](#) jiska 29 novanm 2022. Pou aprann plis sou pwogram sa a, tanpri enskri pou patisipe nan [webinè](#) NYSERDA k ap fèt jedi 3 novanm 2022 ant 1:00 - 3:00 p.m. Finansman pou inisyativ sa a se atravè Inisyativ Gaz a Efè Sè Rejyonal (Regional Greenhouse Gas Initiative, RGGI) ak Fon Enèji Pwòp (Clean Energy Fund, CEF) Eta a ki gen 6 milya dola pou 10 zan.

Anons jodi a bati sou envèstisman Eta New York nan rechèch, devlopman, ak komèsyalize pou sipòte inovatè ak konpayi yo k ap akselere emisyon ki fèb yo ak teknoloji sekstrasyon kabòn ki nesèsè pou atenn objektif eta a pou netralite kabòn nan tout nivo ekonomi an. Pwogram [Inovasyon](#) NYSERDA ap deplwaye 800 milyon dola sou 10 zan kòm envestisman dirèk atravè sibvansyon ak sipò komèsyalize. Plis pase 680 milyon dola nan envestisman prive ak 200 milyon dola nan kapital finans pwojè yo te kreye, epi plis pase 450 pwodwi inovatè enèji pwòp yo te komèsyalize kòm rezilta teknoloji NYSERDA ak envèstisman devlopman biznis, ki gen ladan sistèm ekleraj dyod, aparèy domestik, batri ki dire lontan, ak sistèm chofaj ak refwadisman ki pi efikas.

Senatè Eta Michelle Hinchey te deklare, "New York angaje li konplètman nan batay kont kriz klimatik la, epi dènye seri Defi Inovasyon Solisyon Kabòn Natirèl la se yon etap

enpòtan pou atenn objektif CLCPA nou yo. Pwogram modèl sa a ankouraje biznis yo pou yo pran mezi solid, k ap avanse solisyon ki entelijan an matyè klima, tankou sekstrasyon kabòn ak rediksyon emisyon, ki montre kalite efò koperasyon nou bezwen pou pwoteje planèt nou an pou Nouyòkè yo pou jenerasyon k ap vini yo."

Manm Asanble a Michael Cusick te deklare, "Fè envèstisman sa a pou ankouraje panse inovan pou diminye emisyon yo enpòtan anpil epi li pral ede New York vin pi pre pou atenn objektif rediksyon emisyon gaz a efè sè nou an nan Lwa Klima a - sa k ap gen yon enpak pozitif sou tout Nouyòkè yo epi asire yon avni pwòp epi ki an sante pou tout moun."

Manm Asanble Donna Lupardo te deklare, "Mwen trè kontan wè NYSERDA ap pwomouvwa Defi Inovasyon Solisyon Kabòn Natirèl la. Pou nou ka atenn objektif klima agresif eta a yo, nou dwe ankouraje aktivman sekstrasyon kabòn natirèl ak rediksyon emisyon nan nouvo fason ki inovan. Se sa tou nou te genyen nan lide nou lè Senatè Hinchey ak mwen te adopte Lwa sou Sante Sòl ak Rezistans Klimatik (Soil Health and Climate Resiliency Act) la; ki rekonèt wòl enpòtan agrikilti New York ka jwe. Sa nou bezwen kounye a se sipò dirab pou inisyativ sa yo ki kapab chanje."

Lwa Klimatik Nasyonal Eta New York

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekitab nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektrisite zewo emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li chita sou envestisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.6 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, envestisman sa yo pèmèt kenbe prèske 158,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2020, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. Selon Lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan envestisman nan enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418